



NEW YORK CITY DEPARTMENT OF
HEALTH AND MENTAL HYGIENE
Ashwin Vasan, MD, PhD
Commissioner

5 avril 2024

Chè paran ak responsab,

Asire pitit ou a ajou pou vaksen li, se yon bagay ki enpòtan anpil pou kenbe li an sante. Vaksen anpeche anpil maladi ki menase lavi antre nan lekòl ak nan kominote nou yo. Kounye a, gen epidemi lawoujòl nan plizyè peyi, ladan nan Etazini. An 2024 la, te gen kat ka lawoujòl nan Vil Nouyòk (NYC). Fèk genyen tou yon ogmantasyon nan koklich (whooping cough) nan peyi Etazini, ak la a nan NYC. An 2022, te gen menm yon ka polyo nan Eta Nouyòk, yon maladi danjere nou pat wè nan peyi Etazini depi 2013. Nou ka evite tout maladi sa yo atravè vaksinasyon sistematik timoun yo.

Kòm doktè Vil la ak paran timoun ki gen laj lekòl, m ap mande w èd ou pou asire timoun nou yo resevwa vaksen yo bezwen pou pwoteje tèt yo ak kominote nou yo.

Tanpri tcheke dosye vaksen pitit ou a epi mennen pitit ou a wè doktè li pou pran nenpòt vaksen ki manke. Si w pa gen dosye sante timoun yo, kontakte founisè sante pitit ou a pou li ka di w si pitit ou a ajou sou vaksen yo oswa ki vaksen li bezwen toujou. Ou ka ale tou nan Dosye vaksen mwen sou entènèt (My Vaccine Record online) nan myvaccinerecord.cityofnewyork.us/myrecord pou wè dosye pitit ou a si pitit ou a te pran vaksen nan NYC, oswa si founisè sante li a te antre dosye vaksen li te pran lòt kote. Lekòl pitit ou a ka fè w konnen tou ki vaksen pitit ou a bezwen pou li ka vini lekòl.

Pousantaj vaksen lawoujòl ki desann atravè mond lan te lakoz epidemi, sa ki te ogmante chans pou vwayajè ki pa vaksinen ki soti nan peyi Etazini vin malad epi gaye viris la lè yo retounen lakay yo. Lawoujòl kontajye anpil anpil, men ou ka prevni li prèske totalman avèk vaksen MMR (lawoujòl, malmouton ak ribeyòl). Vaksen MMR la ansekirite pou pran epi li bay 97% pwoteksyon kont lawoujòl apre de dòz. **Si w ap vwayaje nan sezon prentan an oswa nan ete sa a, espesyalman nan lòt peyi, asire w pitit ou a te pran tou de dòz vaksen MMR la.** Founisè pitit ou a ka rekòmande yon orè vaksinasyon modifiye pou pitit ou a ka gen pwoteksyon lè l ap vwayaje.

Pou plis enfòmasyon sou egzijans pou vaksinasyon nan lekòl NYC, ale nan schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/immunizations. Si w pa gen yon doktè, ale nan nychealthandhospitals.org/locations oswa rele 844-NYC-4NYC (844-692-4692) pou jwenn lokal sant sante NYC Health + Hospitals ki pre kote w abite a. Ou ka ale tou nan Sant sante Fort Greene Depatman sante NYC nan Brooklyn lan. Li obligatwa pou pran yon randevou: Ale nan nyc.gov/health epi chèche [immunization clinics](https://nyc.gov/health/immunization-clinics) pou ranpli

fòm randevou a sou entènèt, oswa rele **311** pou kesyon konsènan pwograme yon randevou.

Nou ankouraje w tou pou w pale avèk founisè sante pitit ou a sou lòt vaksen, tankou COVID-19, grip (flu) ak HPV (human papillomavirus), ki, byenke yo pa obligatwa pou vin lekòl lekòl, enpòtan pou pwoteje sante pitit ou a. Se sèlman mwatye nan adolesan ki gen laj 13 an ki ajou avèk vaksen HPV yo, malgre vaksen kont HPV a trè efikas pou anpeche kansè HPV koze.

Nou vle oumenm ak fanmi ou rete an sante pou prentan sa a ak apre. Mwen ankouraje w ale sou pajwèb Sant pou Kontwòl ak prevansyon maladi pou paran ak moun k ap bay swen yo nan [cdc.gov/vaccinesafety/caregivers](https://www.cdc.gov/vaccinesafety/caregivers) pou plis enfòmasyon sou vaksen.

Mwen swete oumenm ak fanmi ou yon vakans prentan an sekirite ak an sante.

Avèk senserite,



Ashwin Vasani, MD, PhD
Komisè
Depatman
Sante ak Ijyèn mantal